Ekip Aksyon Rivyè Charles sou Aksè ak Rivyè a San Patipri

Rapò sou Rekòmandasyon yo Fè

LIS SIJÈ YO

1. Rezime
2. Entwodiksyon
3. Aktivite Ekip Aksyon Rivyè Charles la te Mennen
4. Rezime sou Rezilta Kle yo
5. Refleksyon Ekip Aksyon an te Fè
6. Rekòmandasyon Final CRTF Fè
7. Pawòl Konklizyon Prezidan Ekip Aksyon yo Fè

APENDIS

A. Seksyon 205
B. Manm Ekip Aksyon Rivyè Charles yo
C. Tout materyèl yo te itilize pou sansiblizasyon
    a. Pwogram pou gwoup konsiltasyon ak odisyon piblik
        i. Pwogram pou Gwoup Konsiltasyon Otonn 2025 yo
        ii. Pwogram pou Odisyon Piblik Otonn 2025 yo
        iii. Pwogram Gwoup Konsiltasyon Prentan 2026 yo
        iv. Pwogram pou Odisyon Piblik Prentan 2026
    b. Bwochi
        i. Bwochi Odisyon Piblik Otonn 2025 la
        ii. Bwochi Gwoup Konsiltasyon Prentan 2026 la
        iii. Bwochi Odisyon Piblik Prentan 2026 la
    c. Kesyonè Sondaj yo
        i. Kesyonè Sondaj Otonn 2025
        ii. Kesyonè Sondaj Prentan 2026
D. Rezilta Sansiblizasyon yo
    a. Repons pou Sondaj Odisyon Piblik Otonn 2025 la
    b. Repons pou Sondaj Odisyon Piblik Prentan 2026 yo
    c. Tèm kle yo pou aktivite sansiblizasyon otonn e prentan yo
E. Pwosesis DCR pou Sansiblizasyon ak Patisipasyon
F. Nòt Vizit Otonn 2025 yo

1. Rezime

Pawòl Prezidan Ekip Aksyon yo

Yo te tabli Ekip Aksyon Rivyè Charles pou Aksè San Patipri a (CRTF) pou ranfòse fason Depatman Konsèvasyon ak Detant lan (DCR) fè sansiblizasyon avèk kominote ki rete toupre Rivyè Charles la, ki itilize rivyè a, e ki afekte lè yo pran desizyon anrapò ak rivyè a ant Pon Longfellow a ak Pon Eliot la nan Cambridge. Grasa travay sa a, Ekip Aksyon an te chèche idantifye baryè ki t ap anpeche moun byen patisipe nan desizyon DCR la ap pran ak lè y ap devlope rekòmandasyon ki pral amelyore kominikasyon, sansiblizasyon, ak patisipasyon piblik la, sitou pou gwoup moun yo abitye minimize.

Pandan l ap fè travay sa yo, manm Ekip Aksyon yo, abitan, òganizasyon kominotè, reprezantan òganizasyon, ak kolaboratè ki nan zòn nan te kontribye anpil tan, konesans, ak eksperyans anvè rezilta ak rekòmandasyon ki nan rapò sa a.Nou rekonesan anvè tout moun ki te patisipe nan reyinyon yo, gwoup konsiltasyon yo, sondaj yo, odisyon piblik yo, entèvyou yo, ak aktivite sansiblizasyon yo. Kontribisyon yo te ede n fè yon seri rekòmandasyon k ap ede n amelyore patisipasyon nan zòn Rivyè Charles la, epi y ap ede DCR la pote lòt amelyorasyon nan fason yo sansiblize piblik la nan tout eta a.

Enfòmasyon sou Ekip Aksyon Rivyè Charles la

Lejislati Massachusetts la te fonde Ekip Aksyon Rivyè Charles sou Aksè ak Rivyè a San Patipri ann amoni ak Seksyon 205 nan Bidjè Ane Fiskal (FY) 2025 lan. Yo te mande Ekip Aksyon an pou l fè rechèch epi fè DCR rekòmandasyon konsènan aksè ak Rivyè Charles la san patipri ant Pon Longfellow a ak Pon Eliot la sou bò Cambridge la.

Pwojè lwa a te mande pou rekòmandasyon Ekip Aksyon yo gen ladan yo, pami lòt bagay, fason DCR ka pi byen aplike prensip jistis anviwònmantal lè y ap pran desizyon, fason pou amelyore anons ak kominikasyon avèk katye ak moun ki enplike yo, ak fason pou asire piblik la byen patisipe lè y ap pran desizyon.

Se Biwo Jistis Anviwònmantal ak Egalite a (OEJE) ki fè pati Biwo Egzekitif Enèji ak Zafè Anviwònman an (EEA) ak DCR la ki te pran latèt Ekip Aksyon an, toutpandan Konsèy Planifikasyon Zòn Gwo Vil la (MAPC) te ede fasilite travay yo epi bay sipò teknik. Manm Ekip Aksyon yo te gen ladan yo reprezantan òganizasyon leta, òganizasyon kominotè, gwoup ki plede pou dwa moun, ak abitan.

Aktivite Sansiblizasyon ak Patisipasyon

Pou ede l fè rekòmandasyon, Ekip Aksyon an te suiv yon pwosesis pwofon pou chèche patisipasyon piblik la ant out 2025 ak jen 2026. Men kèk nan aktivite sansiblizasyon yo:

- Ekip Aksyon an te fè 11 reyinyon;
- 4 gwoup konsiltasyon;
- 4 odisyon piblik;
- Konvèsasyon pèsonèl avèk òganizasyon kominotè;
- Vizite moun lakay yo ak efò pou sansiblize katye yo;
- 2 sondaj piblik.

Ansanm, travay sa yo te chèche patisipasyon plizyè santèn moun nan zòn nan ak moun ki enplike, epi l te kreye okazyon pou n tande abitan ki fè diferan kalite eksperyans, ki gen diferan pwennvi, e ki konn fè diferan eksperyans avèk DCR.

Youn nan objektif santral pwosesis sansiblizasyon an se te tande abitan ak gwoup moun yo abitye minimize lè DCR ap pran desizyon piblik oswa lè y ap chèche patisipasyon piblik la. Ekip Aksyon an te chèche konprann enkyetid ki te genyen parapò ak kominikasyon ak sansiblizasyon ki gen rapò ak aksè, enfrastrikti, ak fèmen wout, e ki gen rapò ak fason DCR ka konstwi lyen ki pi solid avèk kominote yo grasa pi bon kolaborasyon, kowòdonasyon, ak okazyon pou patisipe.

Rezilta Kle yo

Atravè tout aktivite sansiblizasyon yo, gen plizyè tèm ki te parèt regilyèman, tankou:

Bezwen gen kominikasyon ki pi regilye

Abitan yo te eksprime enkyetid anrapò ak fason pou yo kontakte DCR, ki kote pou yo jwenn enfòmasyon sou pwojè ak wout k ap fèmen, ak fason DCR abòde enkyetid oubyen kesyon. Manm kominote yo te souvan mande pou li pi fasil pou yo kontakte nou, kominikasyon ki pi aktif, ak nouvèl sou pwojè pi souvan.

Bezwen gen plis patisipasyon ak piblik la epi sa dwe fèt pi bonè

Anpil patisipan te fè konnen souvan yo aprann konnen gen yon pwojè lè pwojè a fèk kòmanse, olye de lè y ap devlope pwojè a, oswa yo aprann konnen desizyon apre desizyon an fin pran deja. Abitan yo te fè konnen yo ta renmen pou yo kominike avèk yo epi chèche pwennvi yo pi bonè, yo ta renmen jwenn plis okazyon pou yo enplike nan pwosesis

planifikasyon an, epi yo ta renmen enplike atravè pwojè a lè yo jwenn dènye nouvèl yo sou fason pwojè a ap mache.

Enpòtans pou yo fè sansiblizasyon san patipri ki aksesib pou tout kalite moun

Patisipan yo te souliye enfòmasyon dwe aksesib pa mwayen plizyè metòd kominikasyon e nan fòma ki aksesib pou diferan gwoup moun. Yon sijesyon se pou yo itilize plizyè lang pou yo fè sansiblizasyon, pou yo fè materyèl ekri, pou yo chèche patisipasyon kominote yo, pou yo voye anons nan lapòs, e pou yo fè anons fizik, epi yo te sijere pou yo kolabore avèk òganizasyon ak enstitisyon moun fè konfyans.

Bezwen gen pi bon kowòdonasyon

Souvan manm kominote yo te fè konnen yo bwouye anrapò ak wòl ak responsablite DCR, Vil Cambridge la, ak lòt òganizasyon piblik genyen yo. Patisipan yo te fè konnen yo ta renmen gen pi bon kowòdonasyon ant òganizasyon yo ak Vil la, epi yo ta renmen wè yo bay piblik la anons pi souvan.

Enkyetid anrapò ak enfrastrikti ak aksè

Manm kominote yo te eksprime diferan enkyetid tou parapò ak enfrastrikti, sa gen ladan l sekirite pyeton ak moun ki monte bisiklèt sou chemen ak lè y ap travèse lari, aksesiblite, enpòtans pou gen antretyen, san wete retire raje epi repare chemen yo, wout ki fèmen, san wete manke gen anons ki klè ki fèt alavans sou ki kote devyasyon pral fèt, ak efè sa yo gen angwo sou katye yo. Byenke anpil nan kesyon sa yo te depase responsablite Ekip Aksyon an, yo te fasilite konvèsasyon sou kominikasyon, sansiblizasyon, ak fason yo chèche enplike piblik la.

Rekòmandasyon

Sou baz rezilta pwosesis sansiblizasyon an, Ekip Aksyon an te devlope 4 rekòmandasyon pou DCR la.

Rekòmandasyon 1: Amelyore Fason yo Planifye Pwojè

DCR dwe devlope yon apwòch konstan pou yo kominike enfòmasyon sou pwojè ak inisyativ y ap pran. Sa gen ladan l bay enfòmasyon ki klè sou pwojè yo, mizajou regilye, sèvi ak plizyè diferan metòd kominikasyon, ak kreye okazyon pou piblik la bay kontribisyon pa l atravè devlopman ak aplikasyon pwojè yo.

Rekòmandasyon 2: Amelyore Pwosesis ak Kominikasyon

DCR dwe tabli pwosesis ki klè ak zouti kominikasyon k ap ede manm kominote yo konprann ki fason pou yo kominike avèk DCR, pou yo jwenn enfòmasyon, pou yo bay kontribisyon pa yo, e pou yo jwenn repons atan. Objektif rekòmandasyon sa a se amelyore efikasite, responsablite, ak fasilite kominikasyon ojoulejou. Lè y ap kolabore avèk lòt òganizasyon sou pwojè, DCR dwe sèvi ak pi bon apwòch ak metòd li yo epi pataje yo avèk lòt òganizasyon yo.

Rekòmandasyon 3: Konsantre sou Egalite ak Jistis Anviwònmantal

DCR dwe tabli pwosesis ki pral asire gwoup moun yo abitye minimize yo pral jwenn bonjan okazyon pou yo patisipe lè DCR ap pran desizyon. Sa gen ladan l aplike sa yo rele prensip jistis anviwònmantal, posiblite pou jwenn materyèl nan lang pa yo, ak bonjan metòd pou enplike piblik lè y ap planifye e reyalize pwojè.

Rekòmandasyon 4: Fè esèy pandan pwojè sou Rivyè Charles la

DCR dwe aplike teknik kominikasyon ak patisipasyon nou idantifye nan rapò sa a anvè pwojè, pwogram, ak aktivite k ap fèt sou Rivyè Charles la ant Pon Longfellow a ak Pon Eliot la. Leson nou aprann grasa esèy sa a pral ede nou fè pi gwo amelyorasyon nan pratik sansiblizasyon atravè tout Eta a.

Alavni

Ekip Aksyon an rekonèt y ap ka aplike kèk nan rekòmandasyon sa yo anvan lontan avèk menm anplwaye ak resous yo deja genyen yo. Sepandan, gen lòt rekòmandasyon k ap mande pou DCR gen plis resous, tankou anplwaye ak fon, anvan yo ka aplike yo. Rekòmandasyon ki nan rapò sa a bay DCR yon plan pratik pou yo ka poze aksyon, kote l idantifye yo pote amelyorasyon rapid avèk resous yo deja genyen yo, epi idantifye envèstisman y ap bezwen fè alavni pou yo ka jwenn bonjan patisipasyon Ekip Aksyon an ta renmen yo jwenn. Konsa, yo ede piblik la byen konprann ki pwogrè y ap ka fè anvan lontan ak ki sa k ap mande plis kapasite ak plis fon pou yo ka reyalize l alalong.

2. ENTWODIKSYON

Kontèks pwoblèm ki gen rapò ak fason yo itilize espas ki bò kote Rivyè Charles la

Depatman Konsèvasyon ak Detant lan ("DCR") responsab prèske yon demi milyon "acres" tè ki se youn nan pi gwo e pi divès sistèm pak piblik leta nan peyi a. Travay òganizasyon an konsantre sou fasilite lyen esansyèl ki gen ant moun ak anviwònman an lè l pwoteje, favorize, e ogmante pakèt resous natirèl e kiltirèl nou yo ak reous ki pèmèt nou pran detant, yon fason pou tout moun byen pwofite.

Enfrastrikti DCR yo konekte moun ak peyizaj ak espas detant ki sou responsablite l. Anplwaye DCR yo fè efò pou yo ede moun Massachusetts yo vin pi an sante e pi pèseveran, kote tout abitan ak vizitè ka rilaks yo, reflechi, epi santi yo gen plas yo nan espas vèt ak tè piblik eta yo. DCR abitye gen difikilte pou yo byen enplike gwoup moun yo konn minimize yo atravè tout eta a, yo konn rate okazyon pou yo enfòme abitan yo konsènan pwojè ak pwogram, epi yo konn manke chèche kontribisyon kominote yo anvan yo pran desizyon. Difikilte sa yo parèt vizib nan fason DCR konn kominike avèk kominote ki rete oswa itilize bò Rivyè Charles ki Cambridge la.

Enfòmasyon sou Ekip Aksyon Rivyè Charles la (CRTF)

Lwa Lejislati: Seksyon 205 pou Bidjè Ane Fiskal 2025 lan

Lejislati Massachusetts la te tabli Ekip Aksyon Rivyè Charles la ("CRTF" oswa "Ekip Aksyon" an) sou Aksè ak Rivyè a San Patipri ann amoni ak Seksyon 205 nan Bidjè Ane Fiskal 2025 lan ("Seksyon 205"). Yo te tabli Seksyon 205 pou fè rechèch epi fè DCR rekòmandasyon konsènan aksè san patipri ak Rivyè Charles la nan espas ant Pon Longfellow a ak Pon Eliot la sou bò Cambridge la. Yo te mande CRTF la pou l fè rekòmandasyon ki gen ladan yo: (i) asire DCR konsidere sa yo rele prensip jistis anviwònmantal yo lè y ap pran desizyon ki enplike espas ki sou Rivyè Charles la ant Pon Longfellow a ak Pon Eliot la; (ii) asire tout moun ki konsène yo enplike patisipe lè y ap pran desizyon ki gen rapò ak fèmen oubyen limite Memorial Drive; (iii) asire abitan katye ki toutotou yo resevwa anons lè DCR fè chanjman nan fason moun ka itilize Memorial Drive; epi (iv) amelyore pwogram ki gen sou Rivyè Charles la yon fason pou anpil diferan moun pwofite.

Nou ajoute detay sou Seksyon 205 nan Apendis A.

Manm Ekip Aksyon yo

Seksyon 205 te mande pou manm CRTF yo gen ladan yo Sou-Sekretè Jistis Anviwònmantal EEA a, Komisè DCR la, reprezantan òganizasyon kominotè presi, ak omwen 6 abitan ki rete nan yon distans yon demi mayl pou pi plis parapò ak Rivyè Charles la e ki fè pati yon popilasyon jistis anviwònmantal oswa ki rete nan kay ki sibvansyone, kote omwen 2 nan moun sa yo rete nan katye Riverside la.

Nou bay non prezidan Ekip Aksyon yo ak manm yo nan Apendis B.

Ekip Pwojè a ak Kalandriye yo

Se Biwo Egzekitif Enèji ak Zafè Anviwònman Massachusetts la (EEA) ak DCR ki te dirije pwojè CRTF la, epi Konsèy Planifikasyon Zòn Gwo Vil la (MAPC) ki te bay sipò antanke konsiltan pou pwojè a. Manm pèsonèl EEA ak DCR yo te sèvi antanke resous pou Ekip Aksyon an; yo te ede Ekip Aksyon an planifye e egzekite travay yo (Imaj 1) epi yo te ede enfòme piblik la konsènan pwogrè l te fè. MAPC te fasilite reyinyon, chèche kòmantè nan men piblik la, epi ede Ekip Aksyon an lè l te kreye dènye rapò sou rezilta Ekip Aksyon an ak rekòmandasyon yo.



Imaj 1. *Kalandriye reyinyon Ekip Aksyon yo*

3. AKTIVITE EKIP AKSYON RIVYÈ CHARLES LA TE MENNEN

Reyinyon Ekip Aksyon yo

Domèn yo te konsantre yo sou yo pandan reyinyon CRTF yo

Yo te fè 11 reyinyon Ekip Aksyon ant out 2025 ak jen 2026. Reyinyon Ekip Aksyon sa yo te fèt pou EEA, DCR, manm Ekip Aksyon yo, ak MAPC pale ansanm, kolabore, epi pran desizyon sou tout travay yo t ap fè pou pwojè a, sa gen ladan l idantifye ki moun ki dwe enplike, fè sansiblizasyon epi chèche patisipasyon, materyèl ak teknik, rekòmandasyon y ap mete nan rapò a, ak lòt bagay ankò (Imaj 2). Piblik la ka jwenn materyèl yo te itilize pandan reyinyon Ekip Aksyon yo, san wete òdijou ak rezime reyinyon yo, sou sit wèb Ekip Aksyon Rivyè Charles la (https://www.mass.gov/info-details/charles-river-task-force-on-equitable-river-access#task-force-meetings).

TASK FORCE MEETING 1	Discussed: Project overview, scope of work, roles & responsibilities, timeline and the fall public hearing structure
TASK FORCE MEETING 2	• Discussed the history of the Charles River • Discussed goals of the task force and stakeholders • Reviewed the revised project timeline
TASK FORCE MEETING 3	• Discussed October and November engagement activities • Provided feedback on October Engagement activities • Confirmed details and discussed structure/content for November Public Hearings
TASK FORCE MEETING 4	Discussed recording task force meetings, site walk, and the structure and content of public hearings
TASK FORCE MEETING 5	Updated and discussed the public survey
TASK FORCE MEETING 6	• Task Force reflections of task force work so far. • Discussed feedback from fall public hearings engagement and survey • Discussed plan for task force work from January-June
TASK FORCE MEETING 7	Discussed spring focus group content and spring focus group outreach strategy and materials
TASK FORCE MEETING 8	• Reviewed Spring focus group flyer and discussed scheduling focus groups • Discussed public hearing outreach flyer • Discussed preliminary draft recommendations • Previewed draft public hearing agenda and survey
TASK FORCE MEETING 9	• Reviewed spring focus group outcomes and public hearing outreach flyer • Reviewed and discussed updated draft recommendations for public release • Reviewed and discussed draft survey
TASK FORCE MEETING 10	• Reviewed recommendations from public hearings, public hearing survey and focus group survey to date • Reviewed and discussed draft report
TASK FORCE MEETING 11	Discuss draft report
TASK FORCE MEETING 12	Vote on approving the final report

Imaj 2. *Yon rezime sou reyinyon Ekip Aksyon yo.*

Aktivite Sansiblizasyon ak Patisipasyon

Pou yo ka chèche patisipasyon piblik la, CRTF la te itilize gwoup konsiltasyon, konvèsasyon pèsonèl, vizit lakay moun, odisyon piblik, ak sondaj piblik. Yo te devlope aktivite sansiblizasyon pou ede yo fè EEA a ak DCR la rekòmandasyon sou fason pou yo amelyore pwosesis yo itilize pou kontakte e konekte ak plis moun nan kominote a ki enplike. Lè yo chèche fè kominote a patisipe plis, sa pral gen yon efè pozitif sou aktivite DCR fè yo, plan yo fè, ak desizyon yo pran ki gen rapò ak aksè moun genyen ak espas ki bò kote Rivyè Charles la nan Cambridge ant Pon Longfellow a ak Pon Eliot la, oswa ki gendwa gen yon efè sou katye ak kominote ki bò kote yo. Nan Apendis D w ap jwenn tèm kle ki te soti nan aktivite patisipasyon sa yo ki te fèt ann otonn ak prentan.

Gwoup Konsiltasyon

Yo te fè 4 gwoup konsiltasyon nan andwa Ekip Aksyon an te diskite e yo te dakò sou yo. Objektif gwoup konsiltasyon yo se te tande moun ki nan kominote yo dirèkteman. Sijè gwoup konsiltasyon yo te pale sou yo te gen ladan yo difikilte pou konekte avèk DCR epi pou konprann yo, ki mwayen pou fè sansiblizasyon ak patisipasyon ki pi byen tonbe daplon ak sa yo bezwen ak sa yo prefere, ak ki chanjman yo ta renmen pou DCR la fè anrapò ak kominikasyon ak aktivite patisipasyon ki gen rapò ak enstalasyon pak piblik yo, aksè, ak fason yo jere teren pak yo. Yo te fè yon gwoup konsiltasyon ann otonn nan Rivermark (808-812 Memorial Drive), apre sa yo te fè lòt seyans an prentan nan batiman Otorite Lojman Cambridge (Putnam Gardens ak Woodrow Wilson Court) ak Sant Granmoun Cambridge la.

Konvèsasyon Pèsonèl

Yo te fè konvèsasyon pèsonèl ann otonn avèk anplwaye ki travay pou 4 òganizasyon lokal ki soutni kominote ki sèvi ak espas ki bò kote Rivyè Charles la, yon fason pou pi byen konprann kontèks kominote a. Se Ekip Aksyon an ki te rekòmande òganizasyon ki te patisipe nan konvèsasyon yo, e yo te gen ladan yo:

- Sant Kominotè Cambridge: Zach Goldhammer, Direktè Sansiblizasyon ak Kolaborasyon
- Asosyasyon Katye Cambridgeport: Rebecca Bowie, Kowòdonatris
- Vil Cambridge: Jackson Price, Direktè Patisipasyon Kominote; Jeremy Warnick, Direktè Kominikasyon.
- Homeowners Rehab Inc.: Joe Deignan, Direktè Patisipasyon Kominote

Vizit Lakay Moun

Yo te vizite lakay moun 2 fwa ann otonn pou anonse epi fè piblisite pou premye 2 odisyon piblik ki te fèt an novanm 2025 yo epi pou fè konvèsasyon avèk manm kominote yo konsènan fason yo itilize espas ki bò kote Rivyè Charles la. Vizit lakay moun yo (Imaj 3) te konsantre sou katye Cambridgeport ak Riverside yo. Yo te fè konvèsasyon avèk 35 moun antou, epi yo te distribye 129 bwochi.



Imaj 3. *Kat jeyografik ki endike vizit lakay moun yo.*

Yo te vizite lakay moun:


- Putnam Avenue: Ant Putnam Avenue ak Peabody Terrace desann Putnam Avenue ak Pleasant Street
- Western Avenue: Ant Western Avenue ak Memorial Drive desann Western Avenue ak Howard Street
- River Street: Ant River Street ak Memorial Drive desann River and Pleasant Street

Odisyon Piblik

Yo te fè 4 odisyon piblik pou ede Ekip Aksyon an fè travay li. Yo te fè 2 odisyon an novanm 2025 pou jwenn kontribisyon kominote yo sou efè desizyon DCR pran yo genyen yo: yon odisyon te fèt anliy nan dat 10 novanm (55 moun te asiste l) epi yon odisyon te fèt an pèsòn nan Sant Kominotè Cambridge la nan dat 17 novanm (77 moun te asiste l). Yo te fè 2 odisyon piblik an prentan 2026: yon odisyon te fèt an pèsòn nan Lekòl Primè Morse nan dat 29 avril (21 moun te asiste l) epi yon odisyon te fèt anliy nan dat 5 me (24 moun te asiste l). Odisyon piblik ki te fèt nan epòk prentan an te gen kòm objektif gade rekòmandasyon Ekip Aksyon yo epi jwenn fidbak sou rekòmandasyon yo ak aksyon yo pwopoze pou yo chak. Konsènan fidbak kote yo te mande chanjman fizik nan pak piblik la, chemen yo, ak wout yo, DCR te note demann sa yo apa e yo pral teni kont de yo lè y ap fè planifikasyon fon ak bidjè alavni.


Sondaj Piblik

Yo te fè 2 sondaj piblik anliy; youn ann otonn epi youn an prentan. Sondaj piblik otonn nan te fèt ant 14 oktòb ak 31 desanm 2025. Sondaj sa a te jwenn 475 repons antou. Imaj 4 ki pi ba a bay yon rezime sou moun ki te reponn sondaj la.



Imaj 4. Rezime sou repons sondaj otonn nan

Sondaj piblik prentan an, ki te konsantre sou jwenn fidbak konsènan rekòmandasyon yo pwopoze pou rapò final la, te fèt ant 29 avril ak 29 me, epi l te jwenn 232 repons antou. Imaj 5 bay yon rezime sou moun ki te reponn sondaj la. Gade Apendis C pou w wè repons yo te bay pou sondaj la.



Imaj 5. Yon rezime sou repons sondaj prentan an


4. REZIME SOU REZILTA KLE YO

Sijè kle ki te soti nan patisipasyon piblik la ann otonn e an prentan


Patisipasyon otonn nan, ki te konsantre sou fidbak, ide, ak enkyetid jeneral, te revele:

- Yo bezwen amelyore enfrastrikti pak piblik la ak wout la, san wete kote pou moun travèse lari a an plis sekirite, pi bon kote pou pyeton ak bisiklèt, ak plis antretyen.
- Lè yo fèmen wout, sa afekte diferan kominote diferan fason; gen moun ki rekonèt byenfè yo pote, tandiske gen lòt ki enkyè poutèt efè negatif yo genyuen; sitou kote gen sèten kominote ki sibi plis enkovenyan lè yo fèmen wout.
- Bezwen plis kominikasyon kontinyèl ak sansiblizasyon nan men DCR lè yo pral fè pwojè, antretyen, pwogram, ak lè yo pral fèmen wout.

Imaj 6 ak 7 rezime sijè yo te abòde grasa fason yo te chèche patisipasyon piblik la.



Imaj 6. *Sijè yo te abòde grasa diferan fason yo te angaje piblik la ann otonn 2025*




***Imaj 7**: Pi gwo sijè kòmantè yo te abòde grasa diferan fason yo te enplike piblik la ann otonn 2025*


Sansiblizasyon prentan an, ki te konsantre sou fidbak ak kontribisyon konsènan rekòmandasyon Ekip Aksyon an te pwopoze yo, te revele:

- Kominote lokal yo bezwen jwenn plis kominikasyon ak sansiblizasyon kontinyèl nan men DCR, sitou komionote ki rete nan zòn kote DCR gen pwojè.
- Yo bezwen gade ki jan yo ka varye metòd ak teknik yo itilize pou kominike epi pataje enfòmasyon avèk manm kominote yo.
- Pifò kontribisyon piblik la te fè yo (ni gwoup konsiltasyon yo, ni repons sondaj yo) te endike yo dakò ak rekòmandasyon Ekip Aksyon an te pwopoze yo, men yo te bezwen ajoute plis esplikasyon ak klète nan langaj (pa egzanp, definisyon, chif presi, objektif, kalandriye, elatriye).

Imaj 8 a 11 rezime santiman jeneral moun yo sou rekòmandasyon Ekip Aksyon an te pwopoze yo (sa yo te jwenn grasa sondaj piblik yo):




Imaj 8. *Repons sondaj pou rekòmandasyon 1*



Imaj 9. *Repons sondaj pou rekòmandasyon 2*


Recommendation #3 - Centering Equity & Environmental Justice - *DCR to establish a clear process for ensuring marginalized communities and those who have historically been impacted by and excluded from public processes have a clear role in DCR processes*



Imaj 10. *Repons sondaj yo pou rekòmandasyon 3*

Recommendation #4 - Implementation

DCR to apply the communication and outreach recommendations above (Recommendations 1-3) to address physical infrastructure-related feedback received through this Task Force for the Charles River area between Longfellow and Eliot bridges, as a pilot for applying communication and outreach strategies for other DCR projects across the Commonwealth.



Imaj 11. *Repons sondaj pou rekòmandasyon 4*

Yon ti pale sou 2 faz angajman yo

Yo te fòme CRTF la dabò pou l travay ant jiyè 2024 ak jen 2025 antanke yon pwojè ki t ap dire 6 mwa. Pwojè a pa t ka kòmanse jiska jiyè 2025 paske DCR te manke anplwaye epi yo te manke fon pou Ekip Aksyon an ka travay. Lè yo te kòmanse, li te klè y ap bezwen plis pase 6 mwa pou yo ka konstwi lyen ant ekip pwojè a ak Ekip Aksyon an; anplis reyalize gwo objektif Ekip Aksyon an te genyen pou jwenn pwennvi moun ki rete nan zòn nan. Pakonsekan, yo te pwolonje pwojè a pou l ka fini 30 jen 2026.

Pou ede rezoud difikilte ki gen rapò ak kominikasyon ak konstwi lyen pandan premye reyinyon Ekip Aksyon an te fè yo, Reyinyon Ekip Aksyon #6, ki te fèt 8 janvye 2026, te fèt kòm yon atelye an pèsòn ki te dire plis tan kote yo te detèmine pi bon fason pou yo pousuiv avèk travay Ekip Aksyon an pandan epòk prentan an, e kote yo te detèmine ki eleman ki te nesesè pou fè dènye rapò a. Pandan peryòd sa a, Komisè DCR la ak Sou-Sekretè pou Jistis Anviwònmantal Biwo Egzekitif Enèji ak Zafè Anviwònman an te angaje yo plis nan reyinyon ak aktivite CRTF yo, sa ki te reflete enpòtans Ekip Aksyon an bay patisipasyon ak enplikasyon lidè yo.

Lòt resous finansye ak anplwaye ki nesesè pou ede DCR aplike rekòmandasyon Ekip Aksyon yo

Grasa fidbak li jwenn pa mwayen pwosesis sa a, DCR rekonèt li bezwen fè plis efò pou l chèche patisipasyon kominote yo e pou l amelyore metòd li itilize pou l kominike e sansiblize. Pandan ane ki sot pase yo, yo pote plizyè amelyorasyon, tankou tabli yon ekip Lyen Kominote pou reponn kesyon ak enkyetid abitan yo genyen, epi yo te kreye yon ekip Lejislati ak Kolaborasyon pou kowòdone avèk komin yo, ajan yo nome nan eleksyon, ak gwoup kominotè ki enterese ak teren ak resous DCR responsab yo. Epitou, DCR gen yon Direktè Patisipasyon Piblik epi dènyèman li te anplwaye yon Direktè Anchèf Jistis Anviwònmantal. Sepandan, DCR poko gen kapasite yo bezwen pou yo atenn objektif yo genyen anrapò ak patisipasyon piblik la jan DCR oswa Ekip Aksyon an ta renmen fè sa nan zòn sa a e atravè eta a. Teknik aplikasyon ak kalandriye nou rekòmande pi ba a reflete sa k ap nesesè pou avanse vè objektif sa yo.

5. REFLÈKSYON CRTF FÈ

Atravè travay li te fè yo, Ekip Aksyon an te idantifye plizyè leson ki gendwa ede yo alavni lè yo vle chèche angaje piblik la, ki gendwa ede lòt gwoup k ap bay konsèy, oswa ki gendwa ede DCR oubyen lòt òganizasyon devlope pwosesis pou chèche patisipasyon piblik la.

Fason pou Kreye Pwojè avèk Menm Panse

Ekip Aksyon an te twouve pou yo reyisi, li esansyèl pou tout moun gen menm panse sou objektif yon pwojè, sou gwosè l, entansyon, ak rezilta y ap atann depi kòmansman an. Lefètke Ekip Aksyon an pa t fin sèten ki responsablite ak objektif li te genyen okòmansman an, sa te fè chak patisipan pa t gen menm atant, e sa te afekte elan pwojè a. Alavni, li t ap bon pou:

- Gen yon entwodiksyon konplè pou pwojè a ki klèman idnatifye objektif yo, wòl yo, responsablite yo, ki moun ki gen otorite pou pran desizyon, ak rezilta y ap tann;
- Gen yon plan pou pwojè a ki idantifye diferan etap pou yo atenn, sa pou yo bay, sou ki pwen pou yo pran desizyon, ak ki okazyon pou patisipan yo bay kontribisyon yo;
- Aliyen yo tousuit ak kontèks lejislati ak kontèks istorik ki te mennen pwojè a; ak
- vizit sou plas ak okazyon pou aprann sou plas pou ede tout moun konprann kondisyon kominote a ak pwennvi lokal yo.

Patisipasyon ak Reprezantasyon Kominote a

Yon gwo defi nou te jwenn atravè pwosesis la se te balanse diferan pwennvi manm Ekip Aksyon yo ak manm kominote yo te genyen toutpandan yo te ret konsantre sou manda lejislati a te bay yo ak bezwen kominote yo abitye inyore lè y ap pran desizyon yo genyen. Ekip Aksyon an te twouve:

- Li mande anpil tan ak efò pou yo konstwi lyen avèk gwoup moun ki pa abitye fwote avèk DCR;
- Lefètke gen moun ki deja pa fè yo konfyans akoz pwojè ak desizyon ki te fèt anvan, sa ka enfliyanse patisipasyon ak pwennvi kominote yo;
- Souvan DCR depann de òganizasyon ak lòt antite ki deja gen yon lyen avèk yo, sa ki anpeche yo jwenn nouvo vwa; epi
- Yo bezwen fè plis efò pou asire yo lè y ap chèche patisipasyon piblik la, yo enplike gwoup moun yo abitye minimize, toutpandan y ap bay tout piblik la okazyon pou yo patisipe.

Kapasite, Resous, ak Angajman Alalong

Ekip Aksyon an rekonèt bonjan angajman mande anpil tan, pèsonèl, fon, ak kapasite antanke òganizasyon. Lè resous yo limite, sa afekte nan ki pwen yo ka chèche patisipasyon piblik la, sa gen ladan l vizit lakay moun, distribye bwochi, epi konstwi lyen. Mete sou sa, Ekip Aksyon an te twouve:

- Li gendwa difisil pou yo chèche patisipasyon nan men anpil diferan kalite moun ki fè diferan eksperyans e ki enterese ak diferan bagay epi ede yo tout gen menm pwennvi, sitou atravè yon pwojè ki long;
- Ekip pwojè yo bezwen fòmasyon, sipò, ak souplès pou yo ka byen kolabore pou yo jwenn patisipasyon piblik la e pou yo jere diferan moun ki enplike yo; epi
- Yon sèl inisyativ pa sifi pou jwenn patisipasyon kominote a, olye de sa yo bezwen pou òganizasyon an pran angajman pou sa epi envèsti nan kesyon an pandan yon bon bout tan.

Obsèvasyon Kle yo

Anplis rekòmandasyon ki nan rapò sa a, Ekip Aksyon an te note enkyetid kominote a genyen anrapò ak enfrastrikti, aksè, antretyen, ak sekirite bò Rivyè Charles la. Byenke kesyon sa yo te ale pi lwen pase vrè objektif Ekip Aksyon an, yo souliye enpòtans pou kontinye gen kominikasyon, angajman, ak kolaborasyon ant DCR ak kominote li sèvi yo.

6. REKÒMANDASYON FINAL CRTF YO

Grasa fidbak li te jwenn pandan l t ap travay avèk Ekip Aksyon an, DCR rekonèt yo vrèman bezwen fè plis efò pou yo chèche patisipasyon kominote ki bò kote espas pak piblik DCR jere yo. Mete sou sa, DCR ak lòt òganizasyon leta ak òganizasyon komin yo bezwen travay anpil pou yo amelyore metòd yo anplwaye pou yo kominike, planifye, epi fè sansiblizasyon.

Chak nan kat (4) rekòmandasyon ki vin apre yo detaye etap k ap pèmèt DCR amelyore pwosesis li suiv pou l kominike epi fè sansiblizasyon. Pou chak nan rekòmandasyon sa yo, Ekip Aksyon an sijere sèten teknik oubyen aksyon pou anplwaye yo, yon kalandriye ki baze sou direksyon DCR ak EEA, ak resous ki gendwa nesesè pou asire DCR gen resous ak sipò li bezwen pou l ka aplike sijesyon sa yo. Lòt resous finansye ak anplwaye ap nesesè pou ede DCR aplike kèk nan rekòmandasyon sa yo.

Rekòmandasyon 1 – Amelyore Fason yo Planifye Pwojè: DCR dwe devlope yon pwosesis ki klè e ki konstan pou kominike sou pwojè l ap planifye, ni nan yon tan ki kout, ni nan yon tan ki long.

Kontèks la: *Rekòmandasyon sa a baze sou nesesite pou gen kominikasyon ki pi regilye avèk manm kominote kote pwojè yo afekte yo anrapò ak travay pwojè yo. Yon bagay Ekip Aksyon an te tande manm kominote yo di regilyèman se yo ta renmen jwenn enfòmasyon pi regilye nan men DCR konsènan pwogrè pwojè yo ak sa yo pral fè. Pou kounye a, pa gen anpil fason pou manm kominote yo fè kòmantè oubyen pataje enkyetid yo genyen avèk DCR sou nenpòt kesyon. Nou fè rekòmandasyon sa a pou DCR ka devlope pwosesis ki pi konstan pou l pataje enfòmasyon avèk kominote yo sou pwojè l yo.*

Detay sou Kalandriye: Tan ki kout = 3 mwa rive 2 an; Tan mwayèn = 3 a 5 an; Tan ki long = plis pase 5 an.

Lòt Definisyon: CRM = Jesyon Lyen Kliyan

Teknik oswa Aksyon nou Sijere	**Kalandriye pou Aplike l**	**Resous ki Nesesè pou Ede yo Aplike l**	**Sa k Deja sou Plas oswa Ankou**
1. Aplike zouti ak pwosesis pou pi byen kominike avèk kominote ki gendwa afekte akoz pwojè ak pwogram (planifikasyon, diferan faz, ak dènye enfòmasyon yo). Moun nou kominike avèk yo kapab gen ladan yo lidè/gwoup nan kominote a, legliz ki nan zòn nan, sant kiltirèl, sant granmoun, lojman pou granmoun, lojman piblik ak lojman bon mache, komin, ak òganizasyon leta n ap kolabore avèk yo.	Tan ki kout	**Anplwaye:** Anplwaye ki deja genyen **Teknoloji Enfòmatik (IT):** Yo kòmanse itilize zouti CRM **Lòt Resous:** Pa genyen	Pou kounye a, ekip Relasyon Piblik DCR la sèvi ak yon zouti pou jere ka ki ede yo òganize nòt, men li manke nan anpil lòt domèn ki nesesè pou fè sansiblizasyon kominote ak kolaboratè, pou kowòdone, e pou kominike fason DCR ta renbmen fè sa.
2. Kreye paj wèb pou chak pwojè ki gen ladan l objektif pwojè a, lòt opsyon nou te konsidere, efè nou prevwa li pral genyen, okazyon pou	Tan ki kout oswa Tan mwayèn (li depann de fon)	**Anplwaye:** Bezwen plis sipò pou ekip Kominikasyon an ka jere enfrastrikti enfòmatik la,	Pou kounye a, DCR gen paj wèb pou anpil pwojè ki gwo oswa ki gen plizyè faz, epi l sèvi ak paj sa yo pou l bay dènye

Teknik oswa Aksyon nou Sijere	Kalandriye pou Aplike l	Resous ki Nesesè pou Ede yo Aplike l	Sa k Deja sou Plas oswa Ankou
kominote a bay kontribisyon yo, ak dènye nouvèl sou pwojè a. Pa egzanp, li kapab sanble avèk sit wèb Pwojè Konstriksyon Vil Cambridge la.		epi yo bezwen plis sipò pou Relasyon Piblik kapab bay plis nouvèl sou pwojè yo. **IT:** Y ap devlope yon sistèm jesyon pwojè (entèn); Teknoloji nou deja genyen pou piblik la **Lòt Resous:** Pa genyen	enfòmasyon ak nouvèl sou pwojè yo. DCR ap konsidere amelyorasyon yo ka pote nan sistèm sit wèb mass.gov la.
3. Kreye yon apwòch anvè kominikasyon ki konstan ki itilize plizyè diferan metòd kominikasyon e ki adapte teknik sansiblizasyon ak kominote ki gendwa plis afekte akoz pwojè a. Pa egzanp, nou ka poste afich nan zòn kote pwojè a ap fèt la anvan pwojè a kòmanse epi sèvi ak medya tradisyonèl yo tankou jounal, radyo, ak tele, ansanm ak rezo sosyal, toutpandan n ap sible diferan lang.	Tan mwayèn (li depann de fon)	**Anplwaye:** Plis sipò pou ekip Relasyon Piblik la pou yo ka fè plis aktivite sansiblizasyon ak patisipasyon piblik la. **IT:** Yo kòmanse itilize zouti CRM **Lòt Resous:** Sèvis lang, fon pou voye kourye e pou peye medya, elatriye	Pou kounye a, DCR fè piblisite pou reyinyon piblik pa mwayen anons nan lejislati, nan komin, ak lòt moun ki enplike, epi l ankouraje yo fè lòt moun konnen reyinyon yo grasa kontak yo genyen yo. Mete sou sa, DCR fè mizajou sou sit wèb Reyinyon Piblik li a epi l voye imel sou reyinyon sa yo.
4. Asire tout moubn ka jwenn enfòmasyon yo. Men egzanp: ○ Sèvi ak materyèl ki gen langaj ki senp ak rezime ○ Sèvi ak fòma moun ka byen pwofite ak dizay ki konstan ○ Tradui materyèl yo	Tan ki kout	**Anplwaye:** Anplwaye ki deja genyen yo **IT:** Pa bezwen **Lòt Resous:** Sèvis lang	Pou kounye a, DCR tradui tout anons sou reyinyon yo nan 5 lang ki pi popilè nan Massachusetts yo. Epitou, DCR ap fè anpil pwogrè anrapò ak aksè dijital pou materyèl ki sou entènèt.

<u>Rekòmandasyon 2 – Amelyore Pwosesis ak Kominikasyon</u>: DCR dwe klarifye epi kreye pwosesis ki klè ak zouti ki aktif pou konble bezwen kominote a genyen yo, sitou nan zòn ki gen pwojè oswa ki pral gen pwojè.

Kontèks la: *Souvan manm kominote yo pa konnen ki jan ak/oswa kiyès pou yo kontakte nan DCR lè yo gen fidbak ak/oswa enkyetid. Nan kèk ka, manm kominote yo pa jwenn dènye enfòmasyon yo regilyèman, repons nan bon moman, oswa suivi nan men DCR. Objektif rekòmandasyon sa a se pou DCR kreye plis pwosesis pou gen kominikasyon ak kowòdonasyon.*

Detay sou Kalandriye: Tan ki Kout = 3 mwa rive 2 an; Tan Mwayèn = 3 a 5 an; Tan ki Long = plis pase 5 an.

Lòt Definisyon: CRM = Jesyon Lyen Kliyan

Teknik oswa Aksyon nou Sijere	**Kalandriye pou Aplike l**	**Resous ki Nesesè pou Ede yo Aplike l**	**Sa k Deja sou Plas oswa Ankou**
1. Kreye yon pwen kontak pou manm kominote yo ka kontakte l lè yo gen kesyon sou pwojè, pwogram, oswa wout fèmen ki afekte pak piblik yo ak wout yo.	Tan ki Long (li depann de fon), yo bezwen fè plis planifikasyon pou detèmine ki kote pou mete l pami depatman DCR yo	**Anplwaye:** Plis sipò pou Relasyon Piblik ka tabli lyezon pèmanan ak kominote ki nan zòn ki gen bonjan byen DCR **IT:** Yo kòmanse itilize zouti CRM **Lòt Resous:** Pa genyen	Pou pi gwo pwojè DCR, souvan yon pwen kontak endike sou sit wèb pwojè a.
2. Fè yon kanpay pou enfòme moun konsènan ekip Lyen Kominotè DCR la ak lòt pwosesis yo genyen pou manm kominote yo kontakte DCR pou yo ka jwenn kontribisyon piblik la, sou ki kote pou yo poze ki kalite kesyon, ak sou ki lè y ap ka jwenn repons.	Tan ki Kout	**Anplwaye:** Anlwaye yo deja genyen yo **IT:** IT yo deja genyen yo **Lòt Resous:** Materyèl kominikasyon, sèvis lang.	Pou kounye a, piblik la ka kontakte DCR sou (617) 626-1250 oswa mass.parks@mass.gov. Epitou, piblik la ka ale sou paj wèb Reyinyon Piblik DCR la ak paj wèb Kòmantè Piblik li a pou bay kontribisyon pa yo diferan fason.

3. Ranfòse fason yo kominike ak piblik la konsènan pwojè, yon fason pou moun ki bay kontribisyon yo jwenn yon suivi ki fè yo konnen ki jan yo te konsidere oswa rezoud enkyetid yo.	Tan Mwayèn	**Anplwaye:** Plis sipò pou Relasyon Piblik ka asire toujou gen kominikasyon de vwa, repons yo fèt, e yo rive atan. **IT:** Yo kòmanse itilize yon zouti CRM **Lòt Resous:** Sèvis lang	Souvan, si yon moun rele DCR, yo rezoud pwoblèm nan menm kote a oswa yo fè suivi san pèdi tan. Lè yon moun fè yon kòmantè pandan yon reyinyon piblik, yo fè efò pou yo abòde kesyon an menm kote a oswa yon ti tan apre.
4. Lè yo pral fèmen wout, deranje zòn nan, oubyen lanse yon kalandriye pou yon pwojè, bay avètisman sifizaman alavans ansanm ak yon esplikasyon ki klè.	Tan ki Kout	**Anplaye:** Anplaye ki deja genyen yo **IT:** Yo kòmanse itilize yon zouti CRM **Lòt Resous:** sèvis lang	Pou kounye a DCR voye avi nan imel bay nenpòt moun ki enskri pou l jwenn Dènye Enfòmasyon DCR yo, epi yo poste anons sa yo tou sou paj wèb Anons sou Pak Piblik DCR la.
5. Amelyore e ogmante kowòdonasyon avèk depatman kle ak ekip kominikasyon ki gen nan komin yo ak òganizasyon leta yo, yon fason pou pi byen kowòdone e ogmante sansiblizasyon nan kominote ki afekte yo.	Tan ki Long (li depann de fon)	**Anplwaye:** Plis sipò pou Relasyon Piblik ka ogmante kowòdonasyon avèk komin yo ak òganizasyon leta yo. **IT:** Pa genyen **Lòt Resous:** Kowoperasyon nan men komin yo ak òganizasyon leta yo ak kapasite pou yo kowòdone avèk DCR	Pou kounye a DCR gen yon ekip ki gen 5 kowòdonatè ki responsab pou yo sèvi kòm lyezon pou tout eta a pou plizyè santèn moun ki fè lwa, komin, òganizasyon adjwen, ak kolaboratè.

Rekòmandasyon 3 – Konsantre sou Egalite ak Jistis Anviwònmantal: DCR dwe kreye yon pwosesis ki klè ki pou asire kominote yo konn minimize yo ak kominote ki sibi plis efè yo jwenn yon wòl ki klè nan pwosesis DCR yo.

Kontèks la: *Manm kominote yo te fè konnen nan anpil ka, desizyon DCR pran yo pa reflete vwa oswa pwennvi kominote ki pi afekte a. Manm kominote yo pa santi yo fè pati etap planifye ak pran desizyon yo, epi anmenmtan se yo menm ki sibi konsekans yo (pa egzanp, blokis, pwoblèm sekirite, elatriye) san yo pa jwi byenfè yo. Ekip Aksyon an kwè rekòmandasyon sa a pral asire yo konsantre sou egalite nan tout planifikasyon ak desizyon DCR pran yo.*

Detay sou Kalandriye: Tan ki Kout = 3 mwa rive 2 an; Tan Mwayèn = 3 a 5 an; Tan ki Long = plis pase 5 an.

Lòt Definisyon: CRM = Jesyon Lyen Kliyan

Teknik oswa Aksyon nou Sijere	**Kalandriye pou Aplike l**	**Resous ki Nesesè pou Ede yo Aplike l**	**Sa k Deja sou Plas oswa Ankou**
1. Antanke yon pati nan faz planifikasyon pou wout, suiv yon pwosesis nan kòmansman chak pwojè pou detèmine kiyès ki pral sibi efè konstriksyon an oubyen pwojè a epi detèmine ki wòl yo dwe jwe pandan tout pwojè a.	Tan ki Kout (li depann de fon)	**Anplwaye:** Plis sipò pou Relasyon Piblik ka evalye kominote yo epi kreye bonjan plan sansiblizasyon **IT:** Yo kòmanse itilize yon zouti CRM **Lòt Resous:** Konsiltan pou devlope etid sou efè pwojè yo pral genyen pandan faz planifikasyon an	Pou pifò pwojè, pandan faz planifikasyon/dizay yo, DCR fè rankont avèk lejislati, komin, ak lòt moun ki enplike anvan yo fè reyinyon pou tout piblik la.
2. Pandan faz planifikasyon pwojè a, kowòdone avèk kolaboratè pwojè yo oubyen otorite lokal yo (pa egzanp, lòt òganizasyon leta ak/oswa Vil	Tan ki Long (li depann de fon)	**Anplwaye:** Plis sipò pou ekip Relasyon Piblik la aplike bonjan plan sansiblizasyon, sa gen ladan l fè tab, bwochi,	Pou kounye a DCR gen yon ekip ki gen 5 kowòdonatè ki responsab pou yo sèvi kòm lyezon pou tout eta a pou plizyè santèn moun ki fè lwa, komin,

Cambridge la) pou sansiblize kominote ki gen sibi efè yo		voye materyèl nan lapòs, elatriye **IT:** Pa genyen **Lòt Resous:** Sèvis lang	òganizasyon adjwen, ak kolaboratè.
3. Asire yo aplike Plan Aksè ak Lang DCR la pandan pwosesis sa yo.	Tan ki Kout (li depann de fon)	**Anplwaye:** Anplwaye ki deja genyen yo **IT:** Pa genyen **Lòt Resous:** Sèvis lang	DCR deja gen kèk metòd ak zouti anplas pou bay kèk sèvis lang.
4. Kreye e aplike yon Plan Enplikasyon Piblik DCR ki pral baze sou modèl ki gen nan Plan Enplikasyon Piblik EEA a.	Tan Mwayèn (li depann de fon)	**Anplwaye:** Anplwaye ki deja genyen yo **IT:** Pa genyen **Lòt Resous:** Konsiltan pou ede DCR kreye yon bonjan plan	DCR gen yon plan tanporè yo deja ap itilize.
5. Apre yon pwojè fin fèt, fè yon evalyasyon sou sansiblizasyon ak kominikasyon yo te fè atravè pwojè a bò kote komin yo, moun ki enplike yo, kolaboratè yo, ak òganizasyon yo.	Tan ki Kout oswa Tan Mwayèn (li depann de fon)	**Anplwaye:** Plis sipò pou Relasyon Piblik ka fè evalyasyon apre pwojè, pou fè suivi, e pou fè rapò. **IT:** Pa genyen **Lòt Resous:** Pa genyen	Pou kounye a DCR kreye Plan pou Sansiblizasyon ak Patisipasyon pou pwojè ki depann de lyen yo deja genyen avèk moun ki enplike yo.

<u>Rekòmandasyon 4 - Aplikasyon</u>: DCR dwe aplike aplike rekòmandasyon ki pi wo sou kominikasyon ak sansiblizasyon (Rekòmandasyon 1-3) pou abòde fidbak Ekip Aksyon an te jwenn konsènan pwoblèm enfrastrikti fizik nan zòn Rivyè Charles la ant Pon Longfellow a ak Pon Eliot la, kòm yon premye esèy teknik kominikasyon ak sansiblizasyon yo, konsa y ap ka aplike yo anvè lòt pwojè DCR atravè Eta a.

Kontèks: *DCR dwe aplike teknik/aksyon ki nan rekòmandasyon ki pi wo yo anvè zòn Rivyè Charles la ant Pon Longfellow a ak Pon Eliot la. Leson ak pratik yo pral aprann pandan premye esèy sa a ap ka sèvi lòt kote nan eta a ki gen menm difikilte yo.*

Detay sou Kalandriye: Tan ki Kout = 3 mwa rive 2 an; Tan Mwayèn = 3 a 5 an; Tan ki Long = plis pase 5 an

Teknik oswa Aksyon nou Sijere	**Kalandriye pou Aplike l**	**Resous ki Nesesè pou Ede yo Aplike l**	**Sa k Deja sou Plas oswa Ankou**
1. Kreye yon plan kominikasyon ak sansiblizasyon pou diferan senaryo yo te soulve pandan reyinyon Ekip Aksyon, gwoup konsiltasyon, oswa reyinyon piblik ki gen rapò ak amelyorasyon ki bezwen fèt nan enfrastrikti ak fason yo ka jere yo pa mwayen rekòmandasyon ki pi wo yo parapò ak gwoup moun ki gendwa afekte yo. Senaryo sa yo dwe gen ladan yo: ○ Yon gwo evènman ki gendwa mande pou yo fèmen wout (pa egzanp, Tèt Rivyè	Tan Mwayèn (li depann de fon)	**Anplwaye:** Plis sipò pou Relasyon Piblik ka aplike bonjan plan sansiblizasyon, sa gen ladan l tabli epi antretni lyen solid avèk lòt moun ki enplike, resous kominotè moun fè konfyans, ak kominote ki plis sibi efè pwojè yo, epi fè plis sansiblizasyon pou yo, sa gen ladan l fè tab, bwochi, kourye lapòs, elatriye. **IT:** Pa genyen **Lòt Resous:** Pou w jwenn egzanp ki anplike envèstisman kapital, y ap bezwen fon pou pwojè.	Grasa travay Ekip Aksyon an te fè a, DCR te jwenn anpil fidbak sou bezwen ki gen nan domèn kominikasyon ak patisipasyon piblik la pou sèten evènman presi ak pwojè ki gen rapò ak enfrastrikti nan zòn Cambridge la ki pral ede yo devlope bonjan pratik.

Charles la, konsè, elatriye) ○ Yon ti pwojè ki gendwa mande pou yo fèmen pak piblik oubyen wout oswa espas piblik pou yon ti bout tan pou yo fè antretyen (pa egzanp, kous nan lari, festival) ○ Yon gwo pwojè ki nouvo ki gen plizyè faz patisipasyon (pa egzanp, Magazine Beach)			
2. Devlope yon sistèm evalyasyon ki klè pou kontwole ki teknik kominikasyon ki efikas, ki kote gen mankman toujou, ak ki jan manm kominote yo wè nouvo pwosesis la.	Tan Mwayèn (li depann de fon)	**Anplwaye:** Anplwaye ak resous ki deja genyen yo **IT:** Pa genyen **Lòt Resous:** Konsiltan pou ede DCR devlope yon sistèm evalyasyon ki solid	Poko gen okenn sistèm evalyasyon.

7. PAWÒL FINAL PREZIDAN YO

Travay Ekip Aksyon Rivyè Charles te fè a te souliye enpòtans pou enplike kominote a toutbon, yon fason ki parèt klè, e y on fason kontinyèl, lè y ap pran desizyon anfavè piblik la. Atravè pwosesis kote yo t ap enplike piblik la, manm kominote yo te kontinye mete aksan sou nesesite pou gen kominikasyon ki pi klè, okazyon pou bay kontribisyon pi bonè, pi bon kowòdonasyon ant diferan òganizasyonleta ak komin yo, ak pratik sansiblizasyon ki rive sou gwoup moun yo abitye manke reprezante pandan pwosesis leta yo.

Menm lè Ekip Aksyon an te fè bonjan efò pou enplike piblik la pa mwayen odisyon piblik, gwoup konsiltasyon, sondaj piblik, konvèsasyon pèsonèl, vizit lakay moun, ak konvèsasyon dirèk avèk kolaboratè kominotè, nou konprann travay sa a se sèlman yon ti kòmansman. Yon sèl Ekip Aksyon oubyen yon ane sansiblizasyon pa ka konstwi konfyans, ranfòse lyen, epi kreye pratik sansiblizasyon ki touche plis kalite moun. Pou enplike piblik la toutbon, sa mande pou yo kontinye envèsti nan sans sa a, yon staf ki la pou sa sèlman, ase fon, ak yon angajman dirab anvè koute, aprann, ak adapte.

Rekòmandasyon ki nan rapò sa a bay yon kat jeyografik sou fason pou DCR ranfòse fason l kominike, fè sansiblizasyon, e kreye pratik pou enplike piblik la. Gen kèk amelyorasyon ki ka fèt avèk resous yo deja genyen yo, tandiske gen lot amelyorasyon k ap mande plis envèstisman ak kapasite. Met ansanm, rekòmandasyon sa yo trase yon chemen ki reyalis pou kontinye avanse, yon chemen ki rekonèt ki okazyon yo deja genyen jodi yo ak angajman ki nesesè pou konstwi konfyans ki dirab e pou enplike piblik la yon fason ki san patipri atravè tout Eta a.